



Bellevue Hospital Center  
Gouverneur Healthcare Services  
Elmhurst Hospital Center

## Fèy enfòmasyon sou Pedyatri

### REZIME

Sant Sante World Trade Center a ki trete kondisyon ki asosye ak anviwònman an (World Trade Center Environmental Health Center) gen yon pwogram pediatrik ki angaje pou evalue ak trete kondisyon ki asosye ak WTC (World Trade Center) kay timoun ak adolesan. Pwogram pedyatrik nou an sitiye nan Bellevue Hospital sou First Avenue ak 27th Street. Pwogram pedyatrik Sant lan gen plizyè sèvis diferan ki enkli sèvis pedyatrik, sèvis sikoloji pou timoun, ak sikoterapi atravè kreyativite.

Sant Sante World Trade Center a ki trete kondisyon ki asosye ak anviwònman an se yon Sant Dekselans ki travay an kolaborasyon avèk òganizasyon kominotè yo ak avèk rezidan ki te afekte pa evènman ki te pase le 11 septanm lan (9/11). Pitit ou ka resevwa tretman menmsi w pa ka peye oswa menmsi w pa gen asirans sante.

### KESYON MOUN POZE SOUVAN

#### *Ki kalite pwoblèm sante timoun yo ka genyen akòzde evènman 11 septanm lan (9/11) ?*

Jouk kounye a n ap dekouvri enfòmasyon sou enpak evènman 11 septanm lan (9/11) genyen sou sante medikal timoun yo. Pwoblèm medikal ki ka asosye ak evènman 11 septanm lan gen ladan yo difikilte pou respire, maladi sinis, konjesyon nazal, ak rejè gastwo-entestinal. Sentòm pwobab ki ka asosye ak WTC yo enkli souf kout, tous ki pa rete, ral, kè si, endijesyon, konjesyon sinis, ak maltèt.

Timoun yo ka gen pwoblèm sikolojik oswa pwoblèm nan konpòtman tou ki asosye ak eksperyans yo fè oswa eksperyans fanmi yo fè akòzde evènman 11 septanm lan. Pwoblèm sa yo ka prezante poutèt yo te ekspoze dirèkteman a evènman 11 septanm lan oswa yo ka prezante kòm fason yo reyaji poutèt yon moun nan fanmi yo gen pwoblèm medikal oswa pwoblèm sante mantal ki asosye ak evènman 11 septanm lan. Pwoblèm ki komen yo enkli sentòm anksyete, depresyon, ak pwoblèm nan konpòtman.

#### *Kilès moun ki kalifye ?*

- Timoun ki te abite nan anba Manhattan (Lower Manhattan) oswa nan zòn Brooklyn
- Timoun ki te lekòl nan anba Manhattan (Lower Manhattan) oswa nan zòn Brooklyn
- Timoun ki te gen moun nan fanmi yo ki te ekspoze dirèkteman a evènman 11 septanm lan, sa enkli pitit travayè ki te fè patide ekip pou sove viktim yo ak travayè ki te bay sèvis netwayaj
- Timoun ki te gen manman yo ansent jou 11 septanm lan e ki te ekspoze dirèkteman jou 11 septanm lan

Gen lòt timoun ki ka kalifye tou. Si w gen kesyon sou kalifikasyon pitit ou, tanpri, rele nou nan nimewo pou apèl gratis la nan 1-877-WTC-0107.

Moun ki gen 18 lane oswa ki pi gran dwe sibi evalyasyon nan pwogram adilt WTC nou an. Sant Sante WTC a ki trete kondisyon ki asosye ak anviwònman an gen lokal nan Bellevue Hospital, nan Gouverneur Healthcare Services ki nan anba Manhattan (Lower Manhattan), ak nan Elmhurst Hospital Center ki nan Queens. Twa lokal sa yo kontinye ap trete adilt ki gen pwoblèm sante akòz yo te ekspoze a pousyè ak lafimen ki te prezante lè yo te atake WTC a. Pou fè yon randevou nan klinik adilt WTC a, tanpri, rele nou nan nimewo pou apèl gratis la nan 1-877-WTC-0107.

***Kouman m ap fè konnen si sentòm sante pitit mwen yo gen rapò ak kontak dirèk yo te genyen nan WTC jou 11 septanm lan ?***

Li difisil pou konnen si pwoblèm sante yo gen rapò espesifikman ak evènman 11 septanm lan (9/11). Si w panse pitit ou ka gen yon pwoblèm ki gen rapò ak 11 septanm, rele pou fè yon randevou : 1-877-WTC-0107. Anplwaye nou yo pral poze w yon seri kesyon pou detèmine si pwogram nou an bon pou pitit ou.

***Èske pwogram sa a se yon pwogram rechèch ?***

Objektif prensipal pwogram sa a se pou bay timoun yo swen sante poutèt pwoblèm sante yo genyen ki gen rapò ak evènman 11 septanm lan. Lè pitit ou vini nan klinik la pou yon egzamen, yo pral bay fanmi w opòtinite pou ede nou aprann plis enfòmasyon sou maladi ki gen rapò ak WTC yo; pou fè sa, yo pral pèmèt ou patisipe nan rechèch pou w sa konprann enpak evènman 11 septanm lan gen sou sante. Ou pral gen chans pou w siyen yon fòmilè konsantman pou yo sa itilize enfòmasyon klinik pitit ou pou rechèch sa a. Yo pap itilize non ak enfòmasyon kontak pèsònèl pitit ou. Desizyon w pral pran an asavwa si pitit ou ap patisipe nan pwogram rechèch la pap gen okenn enpak sou swen sante pitit ou ap resevwa.

***Kouman pou m fè yon randevou pou pitit mwen ?***

Rele nimewo pou apèl gratis la nan 1-877-WTC-0107. Ou ka pale ak yon operatè oswa y ap transfere w nan sistèm mesajri a e yo pral mande w kite yon mesaj ak yon nimewo telefòn epi pou di ki pi bon lè pou yo kontakte w. Y ap rerele w sou 1 jou ouvrab. Moun k ap rele yo pa dwe jennen kite mesaj nan lang yo pi alèz pale a.

***Kisa ki pral rive nan premye randevou pitit mwen an ?***

Premye randevou pitit ou pral dire plizyè èdtan e li pral gen ladan l yon evalyasyon ak egzamen medikal konplè, yon tès depistaj sou sante medikal, ak yon varyete tès pou evalye pwobabilite sentòm ki gen rapò ak WTC yo. Tès sa yo ka enkli emogram, radyografi, ak tès respirasyon. Apre premye evalyasyon an, yo pral devlope yon plan tretman ki kouvri plizyè domèn pou trete nenpòt kondisyon ki gen rapò ak WTC. Lè sa a, pitit ou ka gen pou l ale nan lòt vizit suivi pou trete nenpòt kondisyon ki gen rapò ak evènman 11 septanm yo.

***Konbyen kòb swen timoun lan pral koute ?***

Yo bay tretman ak pifò medikaman pou maladi ki gen rapò ak WTC ke pitit ou genyen, san ke wpagen pou peye anyen oumenm.

***E si pitit mwen gen maladi ki pa gen rapò ak 11 septanm ?***

Ekip pedyatrik la nan Sant Sante WTC ki trete kondisyon ki asosye ak anviwònman an pral refere w bay lòt sèvis klinik pou bezwen ki pa asosye ak kontak dirèk nan WTC. Nou angaje nou pou nou bay swen sante de kalite bay nenpòt moun ki bezwen, kit moun nan ka peye, kit li gen asirans e kèlkeswa kondisyon imigrasyon moun lan.

***E si pitit mwen pa gen okenn pwoblèm medikal aktyèlman ?***

Sa a se yon pwogram tretman pou timoun ki gen sentòm aktif. Se pa yon pwogram depistaj oswa yon pwogram siveyans pou timoun ki pa gen pwoblèm sante.

***Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou pwoblèm sante ki gen rapò ak evènman 11 septanm ?***

Vizite sit entènèt Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk la (New York City Department of Health and Mental Hygiene) nan [www.nyc.gov/9-11health](http://www.nyc.gov/9-11health) pou plis enfòmasyon ak resous.